

Bonjan Manyè pou w Bay Sèvis Nitrisyon San Danje nan Kontèks Kowona


Poukisa li enpòtan pou w kontinye bay sevis nitrisyon pandan yon pandemi?

Kowona fè li vin pi difisil pou moun jwenn manje e sa vin fè li pi difisil ankò pou fanm ansent ak timoun piti yo jwenn yon bonjan nitrisyon. Tout timoun ki gen laj 6 a 59 mwa ak fanm ansent - ladan yo moun yo sispèk ki genyen Kowona oswa yo konfime ki geyen I - ta dwe kontinye resevwa sèvis sipleman. Sepandan, akòz risk ki genyen pou transmèt Kowona a, estrateji distribisyon ak pwotokòl administrasyon yo dwe ajiste pou pèmèt mezi pou pwoteje ak kontwòle enfeksyon.

Men sa ki rekòmande pou w bay sèvis nan tout sekirite



Toujou evalye founisè sèvis yo pou wè si yo gen kowona.




Kenbe distans fizik




Mete yon mask. Kouvri nen ou ak bouch ou.

Rekòmandasyon	DISTRIBISYON NAN KLINIK AK DISTRIBISYON NAN FOUL	DISTRIBISYON NAN KAY
Kontinye fè distribisyon deyò oswa nan yon espas ki gen van kap pase	✓	✓
Mete yon mask, de preferans yon mask medikal oswa N-95; si ou pagen mask medikal, mete yon mask an twa.	✓	✓
Mande tout fanm ansent yo, paran yo, ak tout moun ki gen plis ke 5 an pou mete yon mask	✓	✓
Mande tout anplwaye yo, fanm ansent yo, paran yo ak timoun yo pou yo dezenfekte men yo anvan ak apre yo fin resevwa sèvis. Sit la ta dwe gen kote pou yo lave men yo oswa dezenfektan ki gen alkòl pou yo netwaye men yo	✓	✓
Evalye fanm ansent yo, paran yo ak timoun yo pou wè si yo gen Kowona avan ou ba yo sèvis.	✓	✓
Fè yon jan pou w ogmante kantite jou ak kantite sit distribisyon yo pou w ka diminye kantite moun nan sit la ak risk pou kontaminasyon	✓	
Fè yon jan pou w divize an ti gwoup zòn kote wap fè distribisyon an. Chwazi yon jou pou w fè distribisyon pou chak gwoup.	✓	
Fè yon manyè pou w bay sipleman vitamin A ansanm ak remèd vè (SVA+RV) avèk multivitamin prenatal yo ansanm ak lòt entèvensyon yo, tankou vaksinasyon ak siveyans kwasans oswa vizit regilye pou swen prenatal.	✓	


Kijan pou w kenbe distans fizik nan yon foul moun



Dwe genyen 1-2m distans ant paran ki akonpanye timoun lan ak founisè sèvis la



Òganize espas kote moun yo ap tann lan pou genyen 1-2m nan mitan chak gwoup fanmi



Mande pou chak timoun gen yon moun ki akonpanye li yon sèl paran, si posib

Evalye founisè sèvis yo dapre sa MSPP rekòmande




1. Fè evalyasyon chak jou avan nou kòmanse bay sèvis
2. Itlize konsèy ak pwotokòl MSPP yo
3. Ou ka evalye tèt ou tou
4. Si yon founisè sèvis ta gen sentòm tankou lafyèw ak/oswa pwoblèm respiratwa li pa ta dwe patisipe nan bay sèvis epi li ta dwe chèche swen, jan MSPP rekòmande li a

Evalye fanm ansent yo, paran yo ak timoun yo

1. Avan ou kòmanse bay nenpòt sèvis, evalye fanm ansent yo, timoun ak paran yo pou w wè si yopagen sentòm Kowona.
2. Kowona pa ta dwe anpeche yon timoun resevwa vitamin A oswa remèd vè; tout timoun ki gen laj 6 a 59 mwa, ke li genyen Kowona ou pa, ta dwe resevwa SVA+RV 2 fwa chak ane. Sepandan, si yon timoun gen detrès respiratwa oswa si li pa kapab respire byen, pinga ou ba li SVA+RV epi refere timoun nan imedyatman nan sant sante ki pi pre a.

Evite kontak sere ak moun yo lè wap bay sèvis



Pou SVA+RV, swiv tout etap ki nan Gid Vizyèl la, men ajoute sila yo tou akòz Kowona a:

1. Kanpe oswa chita 1-2m lwen fanm ansent yo, paran yo, timoun yo, ak lòt nanm fanmi yo sof lè wap bay SVA+RV.
2. Pa manyen fanm ansent yo, paran yo oswa timoun yo pandan vizit la sof si se lòt sèvis tankou swen prenatal oswa siveyans kwasans wap bay.
3. Pou SVA+RV, fè paran timoun lan mete kat sante timoun nan sou tab la. San ou pa manyen kat la, tcheke non ak laj timoun nan ak dènye dòz vitamin A ak remèd vè li te resevwa.
4. Pou SVA+RV, enfòmè paran yo ke ou pral pwoche bò kote yo pandan yon ti tan pou w ka bay timoun yo dòz SVA+RV a, apres a wap tounen pran distans ou.

Lave men ou oswa itilize dezenfektan ki gen alkòl



1. Avan ak apre chak kontak ou fè ak fanm ansent oswa timoun pou w ba yo sèvis
2. Apre ou fin manyen nenpòt lòt objè tankou sizo, plim, kreyon oswa ekipman medikal

Remak: Dezenfekte tout zouti ak ekipman avan ou kòmanse bay SVA+RV epi aprè nenpòt zouti ta fin touche yon fanm ansent, yon paran oubyen yon timoun.